| ПРИНЯТЫ | СОГЛАСОВАНЫ | УТВЕРЖДАЮ |
|---|---|---|
| на педагогическом совете | на метод.совете | Директор МБОУ |
| МБОУ | МБОУ | «ООШ с. Ачхой-Мартан» |
| «ООШ с. Ачхой-Мартан» | «ООШ с. Ачхой-Мартан» | _______Надырова П.У. |
| Протокол № 1 | Протокол № 1 | «____» ______ 20___ г. |
| «___» _____ 20___ г. | «___» _____ 20___ г. | |

**КОНТРОЛЬНО - ОЦЕНОЧНЫЕ СРЕДСТВА**

**ПО ЧЕЧЕНСКОМУ ЯЗЫКУ**
**начального общего образования**
**3 А КЛАСС**

**Учитель: Эстамирова М.С._**

**КОС составлен в соответствии с авторской программой «Чеченский язык 1-4 класс» под редакцией  И.Э. Солтаханов.**

**2020 - 2021 учебный год**

**Чеченский язык**
**УМК «Школа России» 3 класс И.Э. Солтаханов.**

| № | Название раздела | Формы контроля | Источник | Критерии | Дата |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Къамел. Текст. Предложени. | Талламан болх «1уьйре» | Юьхьанцарчу классашна диктанташ Э.Х.Солтаханов И.Э.Солтаханов | «5» - цхьа г1алат дац «4» -1-2 г1алат. «3» - 2-3 г1алат «2» - 4 кхи сов г1алаташ. | 10.09 |
| 2 | Мукъаза шалха элпаш. | Талламан болх «Хьуьнах дахар» | | | 24.09 |
| 3 | Хьалхарчу чийрикан жам1даран талламан болх | Талламан болх «Синтарш» | | | 20.10 |
| 4 | Чеккхе | Талламан болх «1аьнан оьг1азло» | | | 28.11 |
| 5 | Шолг1ачу чийрикан жам1даран талламан болх | Талламан болх «Тхан школа» | | | 22.12 |
| 6 | Дешхьалхе, дешт1аьхье | Талламан болх «1аьнан мох» | | | 04.02 |
| 7. | Ц1ердош | Талламан болх «Ши борз» | | | 06.03 |
| 8 | Кхоалг1ачу чийрикан жам1даран талламан болх | Талламан болх «Олхазаршна баннаш» | | | 08.03 |
| 9 | Билгалдош | Талламан болх «Г1ирг1а» | | | 27.04 |
| 10 | Шеран жам1даран талламан болх | Талламан болх «Хасбешахь» | | | 18.05 |

**Нормы оценок по предметам в начальной школе**

3.1. Общие подходы к характеристике цифровой отметки по различным предметам в начальной школе:

**«5» («отлично»)** — уровень выполнения требований значительно выше удовлетворительного: отсутствие ошибок как по текущему, так и по предыдущему учебному материалу; не более одного недочета (два недочета приравниваются к одной ошибке); логичность и полнота изложения.

**«4» («хорошо»)** — уровень выполнения требований выше удовлетворительного: использование дополнительного материала, полнота и логичность раскрытия вопроса; самостоятельность суждений, отражение своего отношения к предмету обсуждения. Наличие 2-3 ошибок или 4-6 недочетов по текущему учебному материалу; не более 2 ошибок или 4 недочетов по пройденному материалу; незначительные нарушения логики изложения материала; использование нерациональных приемов решения учебной задачи; отдельные неточности в изложении материала.

**«3» (удовлетворительно»)** — достаточный минимальный уровень

выполнения требований, предъявляемых к конкретной работе; не более 4-6 ошибок или 10 недочетов по текущему учебному материалу; не более 3-5 ошибок или не более 8 недочетов по пройденному учебному материалу; отдельные нарушения логики изложения материала; неполнота раскрытия вопроса.

**«2» («плохо»)** — уровень выполнения требований ниже удовлетворительного: наличие более 6 ошибок или 10 недочетов по текущему мате-риалу; более 5 ошибок или более 8 недочетов по пройденному материалу; нарушение логики, неполнота, не раскрытость обсуждаемого вопроса, отсутствие аргументации либо ошибочность ее основных положений,

### Особенности оценивания по чеченскому языку. Классификация ошибок и недочетов, влияющих на снижение оценки

**Ошибки:**

- нарушение правил написания слов, включая грубые случаи пропуска, перестановки, замены, вставки лишних букв в словах;
- неправильное написание слов, не регулируемых правилами, круг которых очерчен программой каждого класса (слова с непроверяемым написанием);
- отсутствие изученных знаков препинания в тексте (в конце предложения и заглавной буквы в начале предложения);
- наличие ошибок на изученные правила по орфографии;
- существенные отступления от авторского текста при написании изложения, искажающие смысл произведения;
- отсутствие главной части изложения, пропуск важных событий, отраженных в авторском тексте;
- употребление слов в не свойственном им значении (в изложении).

**Недочеты:**

- отсутствие знаков препинания в конце предложений, если следующее предложение написано с большой буквы,
- отсутствие красной строки;
- неправильное написание одного слова (при наличии в работе нескольких таких слов) на одно и то же правило;
- незначительные нарушения логики событий авторского текста при написании изложения.

**Входной талламан болх «1уьйре»**

**1алашо:** шолг1ачу классехь гулбина хаарш таллар. Царех пайдаэца хаар таллар

**1уьйре**

1уьйранна самайолу юрт. Г1овг1анаш юьйлало. Баккхий нах балха оьху. Бераш школе деша доьлху. Юьртан бажа бажо буьгу. Цхьа Борзик бду ,х1оз хилла дижна 1уьллуш. И х1унда 1уьллу дийнахь дижна?

Цо шен декхар буса кхочушдо. Буьйса д1аяллалц сема 1а иза, наггахь г1алх а деш.

- **Текст язъяр.**
- Грамматически т1едиллар.

1. Хьалхарчу предложенехь къастае коьрта меженаш.
2. Мог1анера сехьадаха мА-дезза декъа дешнаш: г1овг1анаш, бакхий, 1уьллу.
3. Долара ц1ераш схьаязъе.

**Талламан белхан мах хадор:**
«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- 5, я цул сов г1алат делахь.

**Грамматически т1едилларан мах хадор:**
«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- ¾ т1едиллар кхочуш динехь, я 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- т1едиллар кхочуш ца динехь, я 5, цул сов г1алат делахь.

**Талламан болх №1**

**Хьуьнах дахар.**

Сарахь оха тхешан т1оьрмигаш кечдира. 1уьйранна тхо новкъадевлира.Тхоьца тхан хьехархо а вара. Сада1а билгалъяьккхинчу меттехь севцира тхо. Амма тхан накъосташна дика некъ карийра. Тхо оцу новкъа д1адахара. Таьххьара а сада1а боккха 1ам болчохь севцира тхо. Ц1еххьана тхуна хезира бер доьлхуш. Тхо девдда цига дахара.Жима ши йо1 тилаелла хиллера. Оха и шиъ новкъаяьккхира.

**Грамматически т1едиллар**:
1.Пхоьалг1а предложении меженашца талла. Дешнийн цхьанакхетарш схьаязде.
2.Шолг1ачу предложенехь къамелан дакъош билгалдаха.
3. Схьаязде мукъаза шалха элпаш цхьана нисделла дешнаш.

**Талламан белхан мах хадор:**
«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- 5, я цул сов г1алат делахь.

**Грамматически т1едилларан мах хадор:**
«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- ¾ т1едиллар кхочуш динехь, я 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- т1едиллар кхочуш ца динехь, я 5, цул сов г1алат делахь.

**Хьалхарчу чийрикан жам1даран талламан болх «Синтарш»**

**Синтарш.**

Дешархоша школан бешахь стоьмийн синтарш дийг1ира. Урамийн йистошца а дийг1ира цара уьш. Синтарш кеста хьалакхуьур ду. Цара 1индаг1 латтор ду. Цара стоьмаш лур бу.Синтарийн г1айга беш хир бу дешархой. Царна шайн школа а, шайн юрт а хазахила лаьа.

- **Текст язъяр.**
- **Грамматически т1едиллар:**

1. Хьалхарчу предложенехь коьрта меженаш билгалъяха.
2. Мукъа шалха элпаш юкъахь долу дешнаш схьаязде.
3. Мог1анера сехьа даха мА-дезза д1аязъе т1аьхьара предложении.

**Талламан белхан мах хадор:**
«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- 5, я цул сов г1алат делахь.

**Грамматически т1едилларан мах хадор:**
«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- ¾ т1едиллар кхочуш динехь, я 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- т1едиллар кхочуш ца динехь, я 5, цул сов г1алат делахь.

**Талламан болх №2.**

**1аьнан оьг1азло.**

Хи чуьрчу ч1ерашна т1едирзира 1а. Ж1ов етташ санна татанаш а деш, йоккха шело д1ах1оттира. Шелоно татолашна, 1аьмнашна т1еш техкира. Татолашна а, 1аьмнашна а ша бира . Ч1ерий хи буха дахара. Ша бинчу хи к1ел шийла яцара.

1а адамашна т1едирзира. Йоккха шело д1ах1оьттира, не1арша а , пенаша а татанаш а деш. Адамаша пешаш латийра, довхачу ц1еношкахь 1аш бу уьш 1аьнах бийла а буьйлуш. Кегий бераш а ца кхоьру 1аьнах. Конькеш а , салазаш а хоьхку, лайн мижаргех а ловзу, лайн баба а йо, лайн баьрзнаш а до, хи а туху, шелоне а кхойкху:

-Г1о дан йола, шело !- бохуш.

(Халкъан барта кхолларалла).

**Грамматически т1едиллар.**

1. Хьалхара предложении меженашца талла.
2. Йоьалг1ачу предложенехь долчу ц1ердешнийн дожар , легар, терахь къастаде.
3. Шайца долчу ц1ердешнашца схьаязъе кхоъ дешт1аьхье.
4. Фонетически талла дош <u>шело</u>.

**Талламан белхан мах хадор:**

«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- 5, я цул сов г1алат делахь.

**Грамматически т1едилларан мах хадор:**

«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- ¾ т1едиллар кхочуш динехь, я 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- т1едиллар кхочуш ца динехь, я 5, цул сов г1алат делахь.

1. **Шолг1ачу чийрикан жам1даран талламан болх «Тхан школа»**

**Тхан школа.**

Тхан школа ломана юххехь ю. Тхан школан йоккха беш ю. Дика 1алаш йо иза школо. Тхан школаца йоьхье яьлла лулара школа. Оха тхешан школах дозалла до.

Со школе т1аьхьа ца вуьсу цкъа а. Тхан школал хаза школа яц тхан йоккхачу юьртахь.

**Грамматически т1едилларш.**

**1.** Кхоалг1ачу предложенехь коьрта меженашна к1ел сиз хьакха.
**2.** Шайн билгалонашца гайта цхьа орам болчу дешнийн орам а, чаккхе а: школа, школан, школо, школаца, школах, школе, школал

**Талламан белхан мах хадор:**

«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- 5, я цул сов г1алат делахь.

**Грамматически т1едилларан мах хадор:**
«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- ¾ т1едиллар кхочуш динехь, я 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- т1едиллар кхочуш ца динехь, я 5, цул сов г1алат делахь.

**Талламан болх №3.**
**1аьнан мох.**

Шийлачу мохо диттийн баххьаш лестадо. 1ай шийлачу механ хьекхар сих-сиха хуьлу. Бераш шийлачу махана дуьхьал дирзина лаьтташ дара. Со корехула шийлачу махе хьоьжуш лаьттира. Арахь хоькхуш шийла мох бара. Суна т1ехь йовха бедарш ю. Цундела со шийлачу махах ца кхоьру. 1ай хьоькхучу шийлачу махал новкъа х1ума ца хуьлу. Шийлачу махаца къийсалуш сана лаьттара акхтаргаш.

**Грамматически т1едиллар.**

1. Схьаязде массо а предложенера шийла боху билгалдош, цуьнца уьйр лелош долу ц1ердош. Билгалдаха дожарш, чаккхенаш.
2. Хьалхара предложении меженашца талла.

**Талламан белхан мах хадор:**
«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- 5, я цул сов г1алат делахь.

**Грамматически т1едилларан мах хадор:**
«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- ¾ т1едиллар кхочуш динехь, я 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- т1едиллар кхочуш ца динехь, я 5, цул сов г1алат делахь.

**Талламан болх №4.**
**Ши борз.**

Со вара новкъа вог1уш. Т1ехьа цхьа г1овг1а хезира сунна. Мохь хьоькхуш вверг жа дажош волу цхьа жима к1ант вара. Иза вара, цхьанхьа д1ахьежош п1елг а болуш, арахула ведда воьдуш.

Д1ахьаьжначу сунна гира:арахула едда йоьдура ши борз: цхьаъ-йоккхий, важа-жимий.

Цергашца схьалаьцна ког а болуш , жимачо букъа т1ехь хьош 1ахар бара. Йоккханиг яра т1аьхьах1оьттина йоьдуш.

Суна берзалой ма-гиннехь, со а жа1уьнца царна т1аьхьа ведира.Охашиммо а мохь бета болийра. Оха хьоькху мохь а хезна, шайца ж1аьлеш а долуш, нах баьхкира.
**Л. Толстой.**

**Грамматически т1едиллар**.
1. Шолг1а предложении меженашца талла.
2. Х1оттамца талла дош : жа1уьнца.
3. Схьаязде терахьдешнаш.
4. Хьалхарчу предложенехь билгалдаха къамелан дакъош.

**Талламан белхан мах хадор:**
«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- 5, я цул сов г1алат делахь.

**Грамматически т1едилларан мах хадор:**
«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- ¾ т1едиллар кхочуш динехь, я 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- т1едиллар кхочуш ца динехь, я 5, цул сов г1алат делахь.

2. **Кхоалг1ачу чийрикан жам1дара талламан болх «Олхазаршна баннаш».**

**Олхазаршна баннаш.**

Бовхачу махка д1адахана олхазарш б1аьсте яьлча юхадог1у. Аннийн кескех царна баннаш до бераша. Т1аккха дитташ т1ехь уьш д1ач1аг1до. Олхазарш бошмийн доттаг1ий ду. Дитташ талхош йолу садолу х1уманаш юу цара. Олхазарш бошмашкара лелхо мегар дац. Уьш, мелхо а, т1ек1адо х1ума дан деза.

**Грамматически т1едилларш.**

1. Хьалхарчу предложенехь билгалъяха коьрта меженаш.
2. Дешнийн х1оттам къастабе

1-ра вариант: таллархо, д1адеш**а,** урам**аш**
2-г1а вариант: яздархо, схьакхеч**и**, къолам**ца.**

3. Дешнаш дуккхаллин терахье даха: олхазар, зезаг, адам, тоьрмиг, аре.

**Талламан белхан мах хадор:**
«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- 5, я цул сов г1алат делахь.
**Грамматически т1едилларан мах хадор:**
«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- ¾ т1едиллар кхочуш динехь, я 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- т1едиллар кхочуш ца динехь, я 5, цул сов г1алат делахь.

**Талламан болх №5.**
**Г1ирг1а.**

Бешахь, новкъахь ловзуш, ирхлелхаш яра хьозанан к1орнеш. Доккха хьоза дара, лекхачу диттан гаьн т1е а хиъна, кхераме олхазар дог1ий хьоьжуш.

Дог1уш ду г1ирг1а. Иза дог1у меллаша, г1овг1а а йоцуш. Доккхачу хьозано хаам бира шен к1орнешка. Ерриш к1орнеш куллахь д1алевчкъира. Хехь долу доккха хьоза ду гаьнна т1ехь 1аш. Иза метах ца долу, г1ирг1анна т1ера б1аьрг а ца боккху цо.

Г1ирганна гира доккха хьоза. Иза хьозанна т1ехьаьдира. Хьоза куллах дуьйлира.

Г1ирг1а гонд1ахьа хьоьжу, цуьнан б1аьргаш ц1е санна богу. Амма иза х1умма а йоцуш дуьсу.

**Грамматически т1едиллар:**

1. Чолхе предложении карае . Иза меженашца талла.
2. Хьоза дош фонетически талла.
3. Массо а предложенешкахь хьоза дешан дожар билгалдаккха.

**Талламан белхан мах хадор:**
«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- 5, я цул сов г1алат делахь.

**Грамматически т1едилларан мах хадор:**
«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- ¾ т1едиллар кхочуш динехь, я 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- т1едиллар кхочуш ца динехь, я 5, цул сов г1алат делахь

**Шеран жам1даран талламан болх «Хасбешахь».**

**Хасбешахь.**

Хасбеша дахара бераш. Цигахь белхаш бира цара. Цхьаболчара хасстоьмашна асар дира, вукхара хи диллира. Дукха хасстоьмаш гулбийр бу хасбешара. Цигахь йийна дика кхуьуш ю копастанаш а, ж1онкаш а, наьрсаш а. Муьлхачу хасстоьмана хи маца дилла деза а, молханаш муьлханаш тоха деза а хьоьху агрономо берашна.

**Грамматически т1едилларш.**

1. Хьалхарчу предложенехь билгалъяха коьрта меженаш, дешнашна т1ехула къамелан дакъош билгалдаха
2.Текста юкъара схьаязде цхьаллин а, дуккхаллин а терахьера кхоккха дош.
3.Сехьадаха ма-деззара декъа а доькъуш д1аязде дешнаш: йийна, асар, хасстоьмаш, дукха, диллира.

**Талламан белхан мах хадор:**
«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- 5, я цул сов г1алат делахь.

**Грамматически т1едилларан мах хадор:**
«5»- г1алаташ дацахь;
«4»- ¾ т1едиллар кхочуш динехь, я 1-2 г1алат делахь;
«3»-3-4 г1алат делахь;
«2»- т1едиллар кхочуш ца динехь, я 5, цул сов г1алат делахь.